



## DIREKTIV POU AKTIVITE KOUS MACHIN YO PANDAN IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA

### Lè ou li dokiman sa a, ou ka afime nan pati ki anba a.

Apati 15 jen 2020

#### Objektif

Yo te devlope Enstriksyon Pwovizwa pou reyalizasyon Aktivite Kous Machin pandan Ijans Sante Piblik ("Enstriksyon Pwovizwa sou COVID-19 pou Kous Machin") la pou bay operatè ki gen lisans oswa ki gen franchiz pou pis kous machin yo, nenpòt lòt pèsònèl, ak patisipan nan aktivite kous machin yo prekosyon pou ede pwoteje kont pwopagasyon COVID-19 la pandan pis kous machin yo ap re-ouvri. Pou objektif direktiv sa a, "aktivite kous" vle di tout aktivite yo antreprann an preparasyon pou ak reyalizasyon kous machin nan yon pis kous pou machin.

Enstriksyon sa yo se sèlman egzijans minimòm epi administrasyon nenpòt pis pou kous machin lib pou bay prekosyon anplis oswa restriksyon anplis. Enstriksyon sa yo baze sou pratik sante piblik ki plis popilè yo nan moman Faz II re-ouvèti Eta a, epi dokiman enstriksyon sa yo baze sou li a ka chanje epi l chanje souvan. Pati Responsab yo – jan sa defini anba a – responsab pou respekte tout egzijans lokal, etatik ak federal yo ki gen rapò ak aktivite kous machin. Pati Responsab yo responsab tou pou rete okouran de tout mizajou ki fèt nan egzijans sa yo, epi mete yo nan tout aktivite yo ak/oswa Plan Sekirite Sit la.

#### Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202, ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.6, ki òdone pou tout biznis ki pa esansyèl yo fèmen fonksyon pèsònèl yo nan biwo a. Biznis ki esansyèl yo, jan yo defini pa enstriksyon Kòporasyon Devlopman Empire Stare (Empire State Development Corporation, ESD) yo, pat sijè a limitasyon an pèsòn, men yo te, sepandan, jwenn lòd pou yo konfòme yo anba direktiv ak enstriksyon ki soti nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la ki mande pou yo kenbe yon anviwònman travay ki pwòp epi sekirize, epi yo te mande yo kenbe mezi distans sosyal yo nan mezi ki posib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.16, ki òdone biznis esansyèl yo bay anplwaye, ki prezan nan espas travay yo, yon kouvèti vizaj, san peye, ki dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manb ki nan piblik la pandan yo ap travay. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.17, ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan e ki kapab tolere yon kouvèti vizaj dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo p'ap kenbe, distans sosyal yo. Nan dat ki 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.18, ki òdone ke tout moun ki ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil lokasyon, ki gen plis pase dezan epi ki ka tolere yon kouvèti vizaj, dwe mete mask oswa kouvèti pou figi ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a. Li òdone tou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive pou mete yon kouvèti pou figi oswa mask ki kouvri nen an ak bouch la pandan

gen anpil pasajè nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.34, ki otorize operatè/pwopriyetè biznis yo avèk diskresyon pou refize admisyon ak moun yo ki pa respekte egzijans pou kouvèti pou figi oswa mask yo.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch an plizyè faz pou ka retounen ouvri endistri ak biznis yo nan New York an faz ki baze sou yon analiz rejyonal ki baze sou done yo. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te pèmèt pou analiz rejyonal la konsidere plizyè faktè sante piblik, ki enkli nouvo ka enfeksyon COVID-19 yo, ansanm ak sistèm swen sante a, tès dyagnostik yo, ak kapasite pou retrase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke premye faz nan reyouvèti a ta pral kòmanse nan dat 15 me 2020 nan divès rejyon New York, ki baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke dezyèm faz re-ouvèti a tap kòmanse nan plizyè rejyon Eta a, epi li te anonse itilizasyon yon nouvo tablobdò pou avètisman bonè ki regwoupe gwo efò kolèk done Eta a pou Nouyòkè yo, ofisyèl gouvènman yo, ak ekspè yo pou siveye ak revize fason nou ap bloke viris la pou asire yon re-ouvèti an sekirite. Nan dat 11 jen, Gouvènè Cuomo te anonse ke twazyèm faz nan reyouvèti a ta pral kòmanse nan dat 12 jen nan divès rejyon New York.

Anplis nòm sa yo, tout pis kous machin dwe kontinye respekte direktiv ak enstriksyon pou kenbe anviwònman travay yo pwòp ak sekirize ke DOH la te pibliye yo.

Tanpri note sa byen, kote direktiv ki nan dokiman sa a diferan de lòt direktiv dokiman Eta New York te pibliye yo, direktiv ki plis resan an dwe aplike.

## **Nòm pou Responsab Aktivite Kous Machin yo nan Eta New York**

Pa gen okenn Aktivite Kous Machin ki ka fèt san yo pa ranpli nòm minimòm Eta yo, ansanm ak kondisyon federal ki aplikab yo, ki enkli men ki pa sèlman nòm minimòm ki nan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) yo, Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA) la, ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Deptaman Travay Ameriken an (United States Department of Labor).

Nòm Eta a ki genyen nan direktiv sa a aplike ak tout kous machin pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske Eta a abwoje oswa amande li. Pwopriyetè oswa administrasyon pis kous machin lan (nan yon ka oswa nan yon lòt, "Pati Responsab yo"), pral responsab pou respekte nòm sa yo.

Yo baze dokiman sa a sou prensip ke yo pap otorize okenn oditwa an dirèk, fanatik, oswa espektatè pou patisipe nan yon pwogram kous oswa antrènman. Se responsab Pati Responsab yo pou genyen sekirite sifizan pou asire sèlman patisipan ak pèsònèl la gen aksè ak teren pis kous machin yo epi egzikite yon plan sekirite pou dispèse nenpòt moun ki ap rasanble deyò pis kous machin lan.

Direktiv sa a òganize sou twa kategori diferan: moun, espas, ak pwosesis.

## **I. Moun**

### **A. Distans Fizik**

- Pati Responsab yo dwe asire ke tout moun pratike distans fizik nan kanpe omwen ak sis pye distans de lòt moun oswa gwoup moun ki pap travay avèk yo pandan yo kanpe nan liy yo, lè yo ap itilize asansè oswa eskalye woulan yo, oswa flannen ozalantou pwopriyete a, nan mezi sa posib, depi ke kèk fonksyon nan yon pis kous machin egzije moun vini nan sis pye ak lòt moun yo. Yo dwe idantifye fonksyon sa yo epi yo dwe egzekite yon pwotokòl pou rediksyon risk pou moun ki afekte nan yo a. Nenpòt lè nenpòt moun dwe vini nan sis pye de yon lòt moun, ominimòm, yo dwe pote yon kouvèti

pou figi ki akseptab. Anplwaye ak patisipan yo dwe prepare pou mete yon kouvèti pou figi si yon lòt moun vini sanzatann nan sis pye distans, epi yo ta dwe genyen youn ki disponib tout tan,

- Kouvèti pou figi ki akseptab pou COVID-19 la yo se, men yo pa limite a sa sèlman, kouvèti pou figi ki fèt ak twal ak mask ki kouvri ni bouch ak nen an.
- Men, kouvèti ki fèt an twal, ki ka jete, oswa lòt kouvèti pou figi ki fèt lakay yo pa kouvèti pou figi ki akseptab pou aktivite nan espas travay ki egzije yon nivo pwoteksyon ki pi wo pou ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) akòz nati travay la. Pou aktivite sa yo, respiratè N95 oswa lòt ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) ke yo itilize anba nòm endistri ki egziste yo ta dwe kontinye itilize, menm jan sa defini selon enstriksyon Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) yo.
- Yo pap otorize okenn oditwa, fanatik, oswa espektatè patisipe oswa pèmèt yo antre nan yon pis kous machin.
- Nan mezi sa posib, Pati Responsab yo dwe aranje estrikti fizik pou pòs travay fiks yo po asire distans ki apwopriye an moun yo
- Pati Responsab yo gendwa modifiye itilizasyon ak/oswa diminye kantite pòs travay yo ak espas chèz anplwaye yo, dekwa pou travayè yo ka nan sis pye youn ak lòt nan tout direksyon (pa egzanp kòt-a - kòt ak lè youn anfas lòt) epi pou yo pa pataje pòs travay san yo pa netwaye ak dezenfeksyon sa ki fin itilize. Lè distans lan pa posib ant estasyon travay yo, Responsab Pati yo dwe bay epi egzije itilizasyon kouvèti pou figi, oswa kreye baryè fizik, tankou mi pwoteksyon an plastik, nan plas kouvèti pou figi nan espas kote sa pap anpeche lè sikile, chalè, frechè, oswa van.
  - Si yo itilize, yo ta dwe mete baryè fizik yo konfòmman ak enstriksyon OSHA yo.
  - Chwa pou baryè fizik yo ka gen ladan: rido an bann, pleksiglas oswa materyèl ki menm jan, oswa lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab.
- Pati Responsab ta dwe entèdi itilizasyon ti espas piti yo (pa egzanp asansè yo, veyikil yo) pa plis pase yon moun alafwa, amwenske tout moun yo ki nan espas sa a an menm tan ap pote kouvèti pou figi ki akseptab yo. Sepandan, menm avèk itilizasyon kouvèti pou figi yo, okipasyon an pa dwe janm depase 50% kapasite maksimòm espas la oswa veyikil la, amwenske li fèt pou itilize pa yon sèl okipan. Pati Responsab yo ta dwe ogmante vantilasyon an ak lè ki soti deyò nan pi wo mezi posib (pa egzanp ouvri fenèt ak pòt yo), pandan yo ap kenbe pwotokòl sekirite yo. Responsab Pati yo ta dwe pran mezi anplis pou anpeche ankonbreman nan espas pou tann asansè yo epi limite dansite nan asansè yo, tankou pèmèt itilizasyon eskalye yo.
- Pati Responsab yo dwe asire ke lè anplwaye oswa patisipan yo itilize veyikil yo, chak veyikil limite ak yon sèl chofè amwenske tout okipan yo pote kouvèti pou figi ki apwopriye.
  - Yo dwe netwaye ak dezenfekte tout veyikil yo apre yo fin itilize li ak avan yon lòt moun itilize veyikil la.
- Yo rekòmande ke yo asinye pèsònèl mentnans lan pa pè/ti gwoup yo, pou limite kantite kontak sere oswa pwòch yo.
- Pati Responsab yo ta dwe pran mezi pou diminye sikilasyon a pye nan tou de direksyon pandan yo ap itilize tep oswa pano ak flèch nan lale ki jis, koulwa oswa espas, epi afiche pano ak makè distans ki endike espas sis pye nan tout espas ki itilize souvan ak nenpòt espas ki gen liy ki fèt souvan oswa kote moun ka rasanble (pa egzanp pòs depistaj yo).
- Pati Responsab yo dwe afiche pano toupatou atravè espasla, ki an akò ak siyalizasyon DOH pou COVID-19 la. Pati Responsab yo ka devlope pwòp siyalizasyon pa yo ki espesyal pou espas travay yo

a oswa anviwònman, depi siyalizasyon an an akò ak siyalizasyon Depatman an. Siyalizasyon an ta dwe itilize pou raple anplwaye yo pou yo:

- Kouvri nen ak bouch li ak yon mask oswa yon kouvèti pou kouvèti lè distans sosyal sis pye a pa ka kenbe.
- Byen sere epi, lè sa nesèsè, jete PPE yo.
- Respekte prensip distans sosyal fizik la.
- Rapòte sentom oswa ekspozisyon COVID-19 la, epi kòman yo ka fè sa.
- Swiv enstriksyon pou ijyèn men ak netwayaj ak dezenfeksyon yo.
- Swiv pwotokòl ijyèn respiratwa ak tous ki apwopriye.

## B. Rasanbleman nan espas fèmèn

- Pati Responsab yo dwe limite rasanbleman an pèsòn yo (pa egzanp reyinyon yo, antrènman yo) nan pi wo mezi posib epi yo dwe itilize lòt metòd tankou konferans nan videyo oswa telekonferans lè sa posib, konfòmman ak direktiv CDC a "Direktiv Pwovizwa pou Biznis ak Anplwayè yo pou Panifye ak Reponn ak Maladi Kowonaviris 2019 (COVID-19)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)) la". Lè videyokonferans oswa telekonferans pa posib, Pati Responsab yo ta dwe fè yon reyinyon ouvè, nan espas ki gen bon lè epi asire ke moun yo kenbe sis pye distans sosyal ant youn ak lòt (eg: si gen chèz, kite espas nan mitan chèz yo, fè moun yo chita nan chèz altène).
- Pati Responsab yo dwe mete an plas ase pratik distans sosyal nan ti espas, tankou twalèt ak sal repo, e ta dwe kreye siyalizasyon ak sistèm (pa egzanp siyale lè ou okipe) pou ratresi okipasyon an lè distans sosyal la pa ka kenbe nan espas sa yo.
- Pati Responsab yo ta dwe repati orè pou anplwaye yo obsève distans sosyal (sa vle di, sis pye espas) pou nenpòt rasanbleman (pa egzanp poz kafe yo, repa yo, ak kòmansman/fen peryòd travay yo).

## C. Aktivite Espas Travay

- Tout pèsònèl la dwe resevwa fòmasyon sou pwotokòl sekirite ak netwayaj pou COVID-19 yo.
- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou redwi kontak entèpèsònèl ak ankonbreman, atravè metòd tankou:
  - limite prezans moun nan a sèlman sila ki nan staf la ki nesèsè;
  - ajiste èdtan espas travay yo;
  - redwi mendèv ki sou plas yo pou respekte konsiy distans sosyal yo;
  - konsepsyon evolutif (egz: ekip A/B, repati lè arive/depa);
  - priyoreze tach yo ki pèmèt distans sosyal sou sila yo ki pa pèmèt sa; ak/oswa
  - evite pèsònèl ak/oswa ekip ki travay nan yon espas nan repati tach ki nan orè a epi itilize pano yo pou endike espas ki okipe yo.

## D. Mouvman ak Kòmès

- Pati Responsab yo dwe etabli espas ki deziye pou ramasaj ak livrezon, pandan yo ap limite kontak yo tout tan sa posib.

- Pati Responsab yo ta dwe limite entèaksyon yo (pa egzanp dezinye yon sòti pou travayè yo kite peryòd travay yo a epi yon antre separe pou travayè yo ki ap kòmanse peryòd travay yo a) ak mouvman yo (pa egzanp anplwaye yo ta dwe rete toupre pòs travay yo a chak fwa sa posib).
- Pati Responsab yo ta dwe egzekite yon sistèm livrezon san kontak, kote chofè yo rete nan veyikil yo pandan livrezon an ap fèt oswa, kote sa pa posib, Pati Responsab yo dwe bay kouvèti pou figi, gan, ak bòt/kouvèti pye ki akseptab pou travayè livrezon yo san peye pandan pwosesis livrezon an.

## II. ESPAS

### A. Ekipman Pwoteksyon

- Anplis de PPE ki nesèsè jan yo egzije sa pou kèk aktivite nan espas travay yo, Pati Responsab yo dwe genyen, otreman jwenn kouvèti pou figi ki akseptab epi bay tout pèsònèl la kouvèti sa yo san peye pandan pou pèsònèl la. Pati Responsab yo ta dwe gen yon kantite kouvèti pou figi apwopriye, mask ak lòt PPE yo egzije sou men sizoka yon pèsònèl ta bezwen yon ranplasman. Kouvèti pou figi ki akseptab yo gen ladan, men yo pa limite ak sa, mask ki fèt ak twal yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula bandana), mask chirijikal yo, respiratè N95 yo, ak mask pwoteksyon pou figi yo.
- Yo dwe netwaye oswa ranplase kouvèti pou figi yo apre yo fin itilize yo epi yo pa ka pataje. Tanpri konsilte direktiv CDC a pou plis enfòmasyon sou kouvèti pou figi an twal ak lòt tip PPE, ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak netwayaj.
  - Note byen kouvèti pou figi ki fèt an twal oswa mask ki ka jete yo pa dwe konsidere kòm kouvèti pou figi akseptab pou aktivite espas travay ki egzije yon pi wo degre pwoteksyon pou egzijans kouvèti pou figi. Pati Responsab yo dwe respekte enstriksyon OSHA yo pou ekipman sekirite konsa.
- Pati Responsab yo dwe pèmèt anplwaye yo itilize kouvèti pou figi akseptab pa yo men yo pa ka egzije anplwaye yo bay pwòp kouvèti pou figi yo a. Anplis, direktiv sa a pap anpeche anplwaye yo mete pwòp kouvèti pwoteksyon pa yo (pa egzanp mask chirijikal, respiratè N95, oswa pwoteksyon pou figi yo), oswa si Pati Responsab yo egzije anplwaye yo mete plis pwoteksyon PPE akòz nati travay yo a. Anplwaye yo ta dwe konfòme ak tout nòm aplikab OSHA yo.
- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou limite pataj objè yo, tankou veyikil yo, ansanm ak touche sifas moun pataje yo, tankou ranp ak kloti yo; oswa, egzije travayè yo pote gan (ki apwopriye pou komès oswa ki medikal) lè yo an kontak ak objè pataje oswa sifas moun touche souvan yo; oswa, egzije travayè yo dezenfekte oswa lave men yo avan ak apre kontak.
- Pati Responsab yo dwe fòme anplwaye yo sou kijan pou byen mete, retire, netwaye (si sa nesèsè), ak jete PPE, ansanm ak men sa pa limite ak tout, kouvèti pou figi apworiye yo.

### B. Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Antite ki Responsab yo dwe asire aderans a egzijans ijyèn ak asenisman yo jan ke CDC ak DOH te mande sa, ki enkli "Enstwiksyon pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak afichaj "STOP THE SPREAD" (SISPANN PWOPAGASYON AN), jan sa aplikab. Pati Responsab yo dwe kenbe rejis netwayaj ki gen ladan dat, lè, ak kantite netwaye ak dezenfeksyon yo.

- Pati Responsab yo dwe bay epi kenbe pòs ijyèn men nan espas la konsa:
  - Pou lave men: savon, dlo cho ki ap koule, ak papyè twalèt ki ka jete.
  - Pou dezenfekte: yon dezenfektan men a baz alkòl ki gen pou pi piti 60% alkòl pou espas kote lave men pap ka disponib oswa pratike.
    - Yo dwe plase distribitè dezenfektan pou men abaz alkòl yo, san kontak lè sa posib, nan antre enpòtan yo ak espas kontak yo. Yo ta dwe detèmine dansite disponibilite dezenfektan pou men abaz alkòl konfòmman ak enstriksyon sante piblik yo.
- Pati Responsab yo dwe bay resipyan fatra san kontak pou redwi risk yo.
- Pati Responsab yo dwe bay materyèl netwayaj ak dezenfeksyon apwopriye pou sifas moun pataje ak touche souvan epi ankouraje anplwaye yo itilize materyèl sa yo avan epi apre yo fin itilize sifas sa yo, apre pou yo pratike ijyèn men.
- Pati Responsab yo dwe mennen netwayaj ak dezenfeksyon regilye sou espas la ak plis netwayaj ak dezenfeksyon pi souvan pou espas ki anba gwo ris plizyè moun itilize ak sifas moun touche souvan yo. Netwayaj ak dezenfeksyon dwe byen fèt epi kontinye epi sa ta dwe fèt pou pi piti chak peryòd travay, chak jou, oswa pi souvan dapre bezwen. Tanpri konsilte "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Netwayaj ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstriksyon ki detaye sou jan pou nou netwaye ak dezenfekte etablisman yo.
  - Pati Responsab yo dwe asire netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo regilye. Twalèt ta dwe netwaye ak dezenfekte pi souvan tou depan de nivo yo frekante li.
    - Pati Responsab yo dwe asire ke prensip distans yo respekte pandan yo ap redwi kapasite twalèt yo kote sa posib.
  - Pati Responsab yo dwe asire ke yo dezenfekte regilyèman ekipman ak zouti yo pandan yo ap itilize dezenfektan legal yo, gen ladan omwen chak fwa travayè yo chanje oswa deplase yon nouvo ansanm zouti. Sèvi avèk [lis pwodwi](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) yo ki anrejistre nan Eta New York epi idantifye kòm efikas kont COVID-19 la.
  - Si netwayaj oswa dezenfeksyon pwodwi oswa dèske netwayaj ak dezenfeksyon koze pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa machin, Pati Responsab yo dwe mete an plas pòs ijyèn men apre itilizasyon ak/oswa bay gan ki ka jete yo ak/oswa limitasyon sou kantite anplwaye ki ap itilize machin sa a.
  - Pati Responsab yo dwe bay mwayen pou netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspoze yo sizoka yon travayè pozitif pou COVID-19, kote netwayaj sa ap gen ladan, ominimòm, tout espas moun frekante ak sifas moun touche anpil yo (pa egzanp, ekipman, sifas yo, veyikil yo, manch yo).
- Enstriksyon CDC pase sou "[Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman](#)" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) ou an si yo te sispèk yon moun oswa te konfime yon moun ki gen enfeksyon COVID-19 yo jan nou pral site la:
  - Fèmen espas moun malad la te konn itilize a.
    - Pati Responsab yo pa nesèsman bezwen fèmen operasyon an, si yo ka fèmen espas ki afekte yo.
  - Ouvri pòt ki bat sou deyò ak fenèt pou ogmante sikilasyon lè nan espas la.
  - Tann 24 èdtan avan ou nerwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann tout tan ou kapab.



- Netwaye ak dezenfekte tout espas moun malad la te itilize, tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman li te pataje.
- Depi espas la fin byen dezenfekte kòm sa dwa, li ka re-ouvè pou itilize.
  - Travayè ki pa gen kontak sere ak moun malad la ka retounen nan espas travay touswit apre dezenfeksyon.
  - Gade "[Rekòmandasyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Kontak ak COVID-19](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH yo pou enfòmasyon sou kontak "sere oswa pwòch".
- Si plis pase sèt jou te pase depi moun ki malad la te vizite oswa te itilize etablisman an, netwayaj ak dezenfeksyon anplis pa nesèsè, men netwayaj ak dezenfeksyon woutin yo dwe kontinye.
- Pati Responsab yo dwe entèdi manje ak bwason pataje (pa egzanp repa stil bifè), ankouraje moun pote manje ki sot lakay yo, epi rezève ase espas po anplwaye pratike distans sosyal la pandan repa yo.

#### D. Plan Kominikasyon

- Pati Responsab yo dwe afime ke yo te revize epi konprann enstriksyon Eta a te pibliye sou endistri a, epi ke yo ap aplike yo.
- Pati Responsab yo ta dwe devlope yon plan kominikasyon pou tout anplwaye ak patisipan yo ki gen ladan enstriksyon, fòmasyon, siyalizasyon ki aplikab yo, ak moyen konsistan pou bay pèsonèl ki gen lisans yo enfòmasyon. Pati Responsab yo ka devlope paj wèb, gwoup tèks ak imèl, ak medya sosyal.
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje moun yo pou respekte direktiv CDC ak DOH la nsn sa ki gen rapò ak itilizasyon PPE, espesyalman kouvèti pou figi, lè distans sosyal sis pye a pa ka kenbe, atravè kominikasyon vèbal ak siyalizasyon.
- Pati Responsab yo ta dwe afiche siyalizasyon andedan ak deyò batiman an pou raple moun yo pou yo respekte ijyèn nòmal la, règ distans sosyal yo, itilizasyon apwopriye PPE yo, ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo.

### III. PWOSSESIS YO

#### A. Depistaj ak Tès

- Pati Responsab yo dwe devlope pratik depistaj sante obligatwa chak jou sou pèsonèl ak patisipan yo.
  - Yo gendwa reyalize pratik depistaj yo adistans (pa egzanp pa ankèt nan telefòn oswa elektwonik), avan antre nan espas la, nan mezi sa posib; oswa yon gendwa reyalize sa sou plas.
  - Depistaj ta dwe kowòdone pou anpeche travayè yo antre nan kontak sere ak youn lòt avan fen depistaj la.
  - Yo ta dwe egzije depistaj pu chak moun ki ap chèche gen aksè ak teren pis kous machin yo; depistaj la ta dwe reyalize nan itilize yon kesyonè ki detèmine si wi oswa non moun lan genyen:
    - (a) gen konesans li antre an kontak sere oswa pwòch nan 14 jou pase yo ak nenpòt moun ki te teste pozitif pou COVID-19 la oswa ki genyen oswa te genyen sentòm COVID-19 la;
    - (b) teste pozitif pou COVID-19 la nan 14 jou pase yo; ak/oswa

(c) eksperimante sentòm COVID-19 la nan 14 jou pase yo.

- Pati Responsab yo ta dwe kowòdone avèk ekip direktè yo pou fasilite depistaj la. Bòn pratik depistaj yo gen ladan:
  - Si konfigirasyon espas ak etablisman an pèmèt sa, depiste moun yo nan oswa toupre antre batiman an pou redwi enpak la sizoka gen yon ka COVID-19 yo sispèk oswa yo konfime.
  - Pèmèt distans sosyal ki apwopriye pandan moun yo nan liy pou depistaj ak/oswa nan antre batiman an.
  - Kowòdone avèk lokatè yo pou idantifye moun ki te reyalize depistaj adistans.
  - Admèt sèlman moun yo te depiste swa adistans pa yon lokatè oswa yon fwa yo rive.
  - Itilize kamera tèmik san kontak yo nan antre batiman yo pou idantifye moun potansyèlman ki gen sentòm yo epi dirije yo bay yon espas depistaj segondè pou reyalize yon depistaj swivi.
- Al li direktiv CDC a sou "Sentòm Kowonavis" (Symptoms of Coronavirus) pou enfòmasyon ki pi resan sou sentòm ki asosye ak COVID-19 la.
- Pati Responsab yo yo ta dwe egzijè anplwaye ak patisipan yo devwale touswit si epi lè respons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentòm.
- Anplis kesyonè depistaj la, yo gendwa reyalize verification tanperati chak jou yo dapre enstriksyon Komisyon sou Opòtinite Travay Egal (Equal Employment Opportunity Commission) Etazini an oswa DOH la. Li entèdi pou Pati Responsab la kenbe rejis done sante anplwaye yo (pa egzanp done tanperati).
- Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt pèsonèl ki ap reyalize aktivite depistaj yo, gen ladan verifikasyon tanperati yo, pwoteje yon fason apwopriye kont ekspozisyon yon anplwaye oswa patisipan ki potansyèlman enfekte ki ap antre nan etablisman an. Responsab ki ap fè aktivite depistaj yo ta dwe fòme pa moun anplwaye a idantifye ki fanmi ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA.
- Moun ki ap fè depistaj yo dwe gen e itilize PPE, ansanm ak o minimòm, yon mask pou figi, epi ak gan, yon gwo wòb, ak/oswa yon pwoteksyon pou figi.
- Yo pa ta dwe otorize yon anplwaye oswa patisipan ki depiste pozitif pou sentòm COVID-19 yo antre nan pis kous machin lan epi yo ta dwe voye li lakay li ak enstriksyon pou kontakte founisè swen sante li pou evalyasyon ak tèst. Pati Responsab yo dwe mete depatman sante eta ak lokal la okouran ka a touswit si gen rezilta tèst COVID-19 ki pozitif. Pati responsab yo ta dwe bay anplwaye ak patisipan yo enfòmasyon sou swen sante ak resous pou teste.
- Pati Responsab yo dwe gade "Rekòmandasyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Kontak ak COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH yo sou pwotokòl ak politik yo pou anplwaye k ap chèche retounen nan travay apre yon ka COVID-19 yo sispèk oswa konfime oswa apre anplwaye a te gen kontak sere oswa rapwoche avèk yon moun ki gen COVID-19.
- Pati Responsab yo dwe revize repons tout anplwaye ak patisipan ke yo te kolekte nan pwosesis depistaj la chak jou e kenbe yon anrejistreman revizyon sa yo. Pati Responsab yo tou dwe idantifye yon kontak antanke pati pou anplwaye ak patisipan yo pou ka enfòmè si pita yo vin gen sentòm ki gen rapò ak COVID-19 la, jan sa note nan kesyonè a.



- Pati responsab yo dwe deziye yon ekran pou sekirite espas la kote responsablite yo gen ladan an konfòmite san rete ak tout aspè plan sekirite espas la, pou anplwaye ak patisipan yo.
  - Lè yo alète yon ka pozitif, ekran pou sekirite espas la dwe alète kontak tout antite afekte yo ki okipe espas pataje ka pozitif yo ak pwosedi netwayaj ak dezenfeksyon ke yo reyalize.
  - Ekran pou sekirite espas la responsab pou resevwa ak ateste ke tout kesyonè yo te revize, kote kontak sa yo ke pati a idantifye yo pou pèsònèl ak patisipan yo pou enfòmè si yon ap eksperimante sentòm ki gen rapò ak COVID-19 pita, jan sa note nan kesyonè a.
- Tout tan sa posib, Pati Responsab ta dwe kenbe yon journal chak moun, ansanm ak anplwaye ak patisipan ki ka gen kontak sere ak lòt moun nan espas oswa zòn travay la; san nou pa mete livrezon ki fèt nòmalman ak PPE oswa pa mwayen san kontak. Journal la ta dwe gen enfòmasyon kontak la, pou tout kontak ka idantifye, retrace epi alète si yon anplwaye oswa patisipan ta teste pou COVID-19 la. Pati Responsab yo dwe kolabore ak efò rechèch depatman sante eta ak lokal yo.

## B. Trasaj ak Swivi

- Pati Responsab yo dwe alète depatman sante eta ak lokal touswit apre yo fin enfòmè de nenpòt rezilta tèz pozitif COVID-19 pa nenpòt pèsònèl nan espas la.
- Nan ka nenpòt pèsònèl teste pozitif, Pati Responsab yo dwe kolabore ak depatman sante etatik ak lokal la pou retrace tout kontak nan espas travay la epi alète depatman sante etatik ak lokal konsènan tout anplwaye ak patisipan (si posib) ki te antre nan etablisman an nan 48 èdtan pase yo avan pèsònèl la te kòmanse ekperimante sentòm COVID-19 yo oswa te teste pozitif la, nenpòt dat ki te fèt avan an, men kenbe konfidansyalite jan lwa ak règleman federal ak etatik yo egzije a.
- Depatman sante lokal ap kreye restriksyon siveyans ak mouvman moun ki enfekte oswa expoze yo ansanm ak izòlman lakay oswa karantèn.
- Yo egzije moun ke yo alète ki te an kontak sere oswa pwòch ak yon moun ki gen COVID-19, epi ke yo te alète pa mwayen trasaj, swivi oswa lòt mekanis, pou deklare tèt yo bay anplwayè yo a nan lè alèt la epi yo dwe swiv pwotokòl yo fè referans ak yo anwo a.

## IV. PLAN ANPLWAYE

Pati Responsab yo dwe afiche byen klè plan sekirite nan espas la. Eta mete disponib yon modèl plan sekirite pou reouvèti biznis pou gide pwopriyetè biznis ak operatè yo nan kreye plan pou pwojite kont pwopagasyon COVID-19 la.

### Enfòmasyon sekirite anplis, konsèy, ak resous disponib sou:

Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la  
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Kowonaviris (COVID-19)  
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Entènèt administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay  
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

**Sou lyen ki pi ba a, afime ou te li epi konprann obligasyon ou genyen pou ou travay dapre direktiv sa a:**

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>